

Bhaibheri re vana Rikukupai

Murume akapfuma nemurombo



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.

Story 44 of 60

www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Shona

Jesu akaziva kuti vatungamiriri
vazhinji vakanga vari vanhu
vanoda mari kudarika Mwari.
Akavaudza zvakanga zvaitika
kuna varume vaviri.



1

Akataura kuti kuva
neupfuma asi usina Mwari
hakubatsiri. Akavaudza kuti
pfuma haikwanisi kutenga
hupenyu husangaperi
kudenga kuna Mwari.



2

Pakanga paine murume akanga aine pfuma zhinji ne mbatya dzakanaka. Murume uye aipfeka samambo.



3

Murume mupfumi aidya chikafu chakanaka kwazvo. Akanga aine mari yaikwanisa kutenga zvose zvaida kudyana mangwanani, masikati namanheru.



4

Pamusuwo peimba yake, pakanga paine murume akanga ari murombo, uye akanga achirwara achikumbira zvokudya. Murume uyu ainzi Razaro.



5

Razaro akanga aine zvironda zvakawanda. Zvichida akanga aine chirwere, kana akanga akuvara nokuti vamwe vaimuitira hutsinye. Zvichida akanga aine zvironda nokuti akashaya zvokudya zvakakwana, zvakaita somukaka, muriwo nenyama.



6

Razaro akashuwira chikafu. Kunyangwe mafufu apatafura yomurume mupfumi.



7

Dzimwe nguva, imbwa dzinenge dzarasika dzakauya kuzomunanzva. Hapana munhu akanga achibatikana nokuti Razaro akanga asina zvokudya.



8

Rimwe zuva, Razaro haana kumuka. Murume murombo akanga aine nzara akanga afa.



9

Asi Razaro akava nomufaro mukuru mushure mokunga afa. Ngirozi dzaMwari dzakamutakura kuti aende kuna Abhurahama. Razaro akanyararidzwa naMwari.



10

Murume mupfumi akafa zvakare. Pfuma yake haina kukwanisa kumubatsira. Kana rufu rwauya, hapana anokanisa kurumisa.



11

Murume mupfumi akavigwa. Zvichida vanhu vazhinji vakauya kuzomuchema.



12

Vamwe vakamuchiva nokuti akanga aine mari zhinji. Asi Havana kukwanisa kumubatsira. Murume mupfumi akanga aenda kuGehena.




13

Achinge ari kuGehena, murume mupfumi akachema achiti, "Baba Ahurahama, tumirai Razaro nemvura auye kuzondiisira parurimi rwangu nokuti ndatsva nomoto uri kuno."



14

Ahurahama akayeuchidza murume mupfumi achiti, "Panyika vakanga uine pfuma zhinji asi Razaro akanga ari murombo. Razaro arikunyararidzwa kuno asi iwe uri kunetseka. Hapana munhu anokwanisa kuuya kwauri kubva kuno kwatiri."



15

Murume mupfumi akachema achiti, "Tumai Razaro kuti aende kunotaurira vakoma vangu vashanu. Hanidi kutivauye kuzonetsekana kuno kwandiri."



16

Abhurahama akapindura akati, "Vakoma vako vane shoko raMwari." Kana vakatadza kutenda Bhaibheri, kana Razaro havakwanisi kumutenda.



17

Jesu akapedza kutaura nyaya yomurume mupfumi naRazaro. Zvichida, vatungamiriri vakabvunza pakati pavo vachiti, "Ndinoda pfuma kudarika Mwari here?" Vakaziva zvinoitika kana vakarega kuteerera shoko raMwari.



18

Murume akapfuma nemurombo

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaibheri

Inowanikwa mu

Ruka 16

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Mwari anoziva kuti takaita zvakaipa, zvaanoti zvitema. Mubairo wezvitema ndirwo rufu.

Mwari anotida akatuma mwanakomana wake, Jesu, kuzofira pamuchinjikwa akaripa zvese. **Jesu akamuka** akadzokera kudenga! Uye zvino Mwari anotiregerera zvitema zvedu.

Kana uchida kusiya zvitema, taura izvi kuna Mwari: Mwari ndinotenda kuti Jesu akafira ini akamukazve. Huyai mumoyo wangu, mundiregerere zvitema zvangu, ndive neupenyu hutsva ndigare nemi mazuva namazuva. Ndibatsireyi ndiraramire imi semwana wenyu. Amen. Johani 3:16

Verenga Bhaibheri kuti mutaure neMwari mazuva ese!